




KUTENDA PAZVISINGAITI

Chidzidzo 5 cha Chivabvu 4, 2024

“Shoko renyu ndakariviga mumoyo wangu, Kuti ndirege kukutadzirai”

(Mapisarema 119:11)



Muzana ramakore rechi 16, basa rakavamba makore 200 ainge apfuura naWycliffe, “nyeredzi yeVandudzo,” rakavamba kupenya zvakajeka. Kubwinya kwevandudzo kwakanga kwasvika.

Vandudzo iyi yakavakirwa pazvinhu zvishanu zvinokosha:

- ★ 1. *Sola Scriptura* (Magwaro Chete)
- ★ 2. *Sola gratia* (Nyasha chete)
- ★ 3. *Sola fide* (Kutenda chete)
- ★ 4. *Solus Christus* (Kristu chete)
- ★ 5. *Soli Deo gloria* (mbiri kuna Mwari chete)



Hwaro hwekutenda:

- 🟢 *Sola Scriptura / soli Deo gloria.*
- 🟠 Bhaibheri rinowanika kumunhu wose.
- 🟡 Muturikiri weBhaibheri.



Hwaro hweruponeso:

- 🟠 *Sola gratia / sola fide / solus Christus.*
- 🟡 Kurai panyasha.



**HWARO
HWEKUTENDA**

SOLA SCRIPTURA / SOLI DEO GLORIA

“Mashoko enyu akawanikwa, ndikaadya; mashoko enyu akava mufaro wangu nokufadzwa kwomoyo wangu; nokuti ndakatumidzwa nezita renyu, imi Jehova, Mwari wehondo” (Jeremiya 15:16)

Vavandudzi vomuzana remakore rechi16 vakanyatsoshandura nyika. Asi vakaratidza pachena kuti hapana chaikosa pavari. Vaive vanhu vakashandurwa naMwari. Nokuda kwechikonzero ichi vakazivisa kuti: “Kukudzwa ngakuve kuna Mwari oga”. Kushandurwa uku kwaitwa sei mavari? Kuverengwa kweShoko raMwari ndiko kwakaita kuti chishamiso ichi chiite. Bhaibheri rakavaitirei, uye ringaiti kwatiri?

Ndiro hwaro hwekutenda

Nokutenda muzvipikirwa zvake tinomutsidzira kutenda kwedu noushingi hwedu

Mashizha aro akafanana nemichero yomuti woupenyu

Rinobuditsa maranzi emufaro, tariro uye chiedza

Rinotipa gwara, chokwadi, simba uye njere

Rinopa hupenyu kumuviri, nekupfungwa dzedu nekumweya yedu

Munguva idzodzo dzerima, Bhaibheri rakagutsa upenyu hwavo kusvika pakupa upenyu hwavo kuti varambe vakatendeka kudzidziso dzaro. Uye nhasi, rinogutsawo hupenyu hwako here?



BHAIBHERI RINOWANIKA KUMUNHU WESE

“Asi shoko raMnjari rakakura, rikawanda” (Mabasa 12:24)




Tyndale (1494-1536) akatanga kururamisa zvikanganiso zveBhaibheri raWycliffe (rakashandurwa kubva muchiLatin), achiita shanduro kubva mumitauro yapakuvamba. Akaburitsa Testamende Itsva yakaturikirwa kubva muchiGiriki.

Miles Coverdale akaenderera mberi uye akatsigira basa raTyndale nekushandura Testamende Yekare kubva mumagwaro echiHebheru epakutanga. Nokudaro, muna 1535, Bhaibheri rokutanga rakadhindwa rechiNgezi rakabudiswa.



Shanduro iyi yakashanda sehwaro hweshanduro yeBhaibheri inonyanya kushandiswa nevatauri veChirungu: King James Version, yakabudiswa muna 1611. Basa raTyndale, Coverdale, uye nyanzvi dzakagadzira Bhaibheri reKJV rakashandura mamiriyoni evanhu, richivaunza kukuziva Mwari.




Sezvineiwo, murume asina kutongogamuchira pachena Vandudzo akanga ari betsero inokosha muidzi shanduro: Erasmus weRotterdam, uyo akabudisa panguva iyeyo Testamende Itsva muchiGiriki (iyo yakabatira sohwaro hweshanduro dzose dzeVashanduki).




BHAIBHERI RINOWANIKA KUMUNHU WESE

Kunyange zvazvo shanduro dzeBhaibheri dzeChirungu dzakanga dzichigadzirwa uye dzichibudiswa, vamwe vashanduki vakashandurawo Bhaibheri mumitauro yavo. Neiyi nzira, Bhaibheri raigona kuraviwa mumitauro yaanamai navagari veEurope, uye “Nyika Itsva” yakanga ichangobva kuwanikwa”.



Martin Luther
German (1534)




Pierre Robert Olivétan
French (1535)



Brest Bible
Polish (1563)




Casiodoro de Reina
Spanish (1569)




Kralice Bible
Czech (1579)



Jonas Bretkunas
Lithuanian (1579)



Jurij Dalmatin
Slovenian (1584)




Giovanni Diodati
Italian (1607)



João Ferreira de Almeida
Portuguese (1691)

MUTURIKIRI WEBHAIBHERI

**"muciziva pakutanga, kuti hakunovuprofita bgorugwaro bgunongodudzirwa nomunhu"
(2 Petro 1:20)**



Martin Luther paakatanga kuverenga Bhaibheri muchiLatin, upenyu hwake hwakashandurwa.

Paaivhura mapeji aro, akaziva kuti simba guru rakanga richivhenekera pfungwa dzake. Vhangeri rakava benyu uye rinoshanda. Tsika dzerima dzakapera, uye nyasha dzaKristu dzakamuka. Isimba ripi raivheneka pfungwa dzake?

Mweya Mutsvene, mududziri weBhaibheri chete ane mvumo, ndiye akazivisa chokwadi chiri mariri. Uye Mweya Mutsvene mumwe chetewo wakapiwa kwatiri kuti tigorinzwisisawo! (Johani 14:26; 16:13).

Kubva panguva iyoyo zvakava pachena kuti paisagona kuva netsinhirano pakati petsika dzinodzidziswa nechechi yepamutemo nechokwadi chiri muBhaibheri. Mutemo umwechete wekutenda nemafambiro unowanikwa muBhaibheri, uye unoziviswa kwatiri naMweya Mutsvene.



“Kuparidzwa kweshoko hakuna zvakunobatsira kana pasina huvepo hwenguva dzose nerubatsiro rwaMweya Mutsvene. Uyu ndiye ega mudzidzisi anobudirira wechokwadi choumwari. Kana chokwadi chikaperekedzwa kumoyo neMweya ndipo pazvinozomutsa hana kana kushandura hupenyu. Munhu angakwanisa kutaura nezveshoko raMwari, angave akajairana nemirairo yaro yese nezvipikirwa; asi kunze kwekunge Mweya Mutsvene aunza chokwadi, hakuna mweya inowira paDombo ikaputswa” ” -Non Official Translation by Gift Mawoyo

EGW (The Desire of Ages, pg. 671)



HWARO
HWERUPONESO

SOLA GRATIA / SOLA FIDE / SOLUS CHRISTUS

“nokuti makaponeswa nenyasha, nokutenda; izo zisingabvi kwamuri, asi cipo chaMwari—” (VaEfeso 2:8)

Zvokwadi zvitatu zvinokosha zvinobuda muna VaEfeso 2:8.

- 1 Tinoponeswa **nenyasha bedzi**
- 2 Nzira yekuwana nyasha ndeye **kubudikidza nekutenda chete**
- 3 Ichi ndicho chipo chaMwari, chipo cheMwanakomana wake: **Kristu bedzi**

Nokuda kwechivi chedu, tinotongerwa rufu rusingaperi (VaRo. 6:23a). Zvisinei, Mwari akapa nzira yekubhadhara chikwereti chedu uye kutipa hupenyu husingaperi (VaRo. 6:23b).

Uye nei tichida kuti Mwari abhadhare chikwereti chedu? Nokuti hatigoni kuripa nenzira ipi zvayo (Mapis. 49:8; VaEf. 2:9).

Apo Martin Luther akawana kuti Kristu ndiye chete manyuko ake eruponeso, akatanga kuparidza chokwadi ichocho. Zviuru, zvakanga zvakasungwa nounyengeri hwomuvengi, zvakasunungurwa uye zvakashandurwa.

Kunyangwe ruponeso rwuri rwemahara, mutengo warwo waive usingaperi, uye rwakakwana kune vese (Johani 3:16; VaRom. 8:32).



KURAI PANYASHA

"Asi kurai panyasha napakuziva Ishe wedu, Muponesi Jesu Kristu. Ngaave nokubginya zino, nokusingaperi. Amenii" (2 Petro 3:18)



Munguva yeMiddle Ages, vanhu vaifunga nezvokuwana ruponeso rwavo (uye rwamadzitateguru avo) kuburikidza nemamasi, nzombe, maronda, nzendo dzokunamata....



Zvose izvi zvaishungurudza. Zvakanga zvisina kumbokwana. Kusvikira vawana nyasha dzaKristu. Kubva panguva iyoyo vakanzwa vakasununguka zvechokwadi.

Rusununguko irworwo rwakavaita kuti vazvidze Mutemo, kana kuti kuuteerera here?

John Wesley (1703-1791), mumwe wevakatanga sangano reMethodist, akakurudzirwa nokuverenga sumo yaLuther kuVaRoma. Kutenda kwake kutsva kwakamuita kuti atsvage kukura munyasha.

Kuziva kuti akaponeswa nenyasha hakuna kumuita kuti azvidze Mutemo, asi kuti anyatsoudzidza, kuti upenyu hwake huwedzere kuenderana neupenyu hwaaitarisirwa naKristu.



“Nheyo huru yaichengetwa naava Vavandudzi—imwe cheteyo yakanga yabatwa nava Waldense, na Wycliffe, na John Huss, na Luther, Zwingli, uye avo vakabatana navo—yakanga iri simba risingakanganisi ra Magwaro Matsvene somutemo wokutenda uye kuita. Ivo vakaramba maruramiro avanapapa, makanzuru, Madzibaba, uye madzimambo, kudzora hana munhau dzechitendero. Bhaibheri ndiro rakanga riri simba ravo, uye nokudzidzisa kwaro vakaedza dzidziso dzose nezvirevo zvose. Kutenda muna Mwari neshoko Rake kwakatsigira varume vatsvene ava sezvavaipira upenyu hwavo padanda. “Nyaradzwa,” akadanidzira kudaro Latimer kumupondwi nekuda kwekutenda pamwe naye sezvo marimi omoto akanga ava kuda kunyaradza manzwi avo, “nhasi tichabatidza kenduru rakadaro, nenyasha dza Mwari, muEngland, sezvandinovimba kuti harizombodzimwi.”—Works of Hugh Latimer 1:8” ” -Non Official

Translation by Gift Mawoyo

EGW (The Great Controversy, pg. 249)